# Ankourajman pou chak maten



Janice Clarke

# Yon lapriyè pou kòmanse mache ak Jezi

Si w poko janm fè Jezi Seyè lavi w, ou ka kòmanse jodi a. Li renmen w, e li envite w pou w konnen l pèsonèlman.

Women 10:9 di nou si nou deklare Jezi se Seyè, epi si nou kwè nan kè nou Bondye te fè l leve soti vivan pami mò yo, n ap sove.

Lapriyè sa a se yon fason pou w eksprime lafwa sa a. Se pa koze di pawòl ki pafè—se vire bò kote l ak tout kè w.

Seyè Jezi,

Mwen kwè ou se Pitit Bondye a. Mwen kwè ou te mouri pou peche m yo, e Bondye te fè w leve soti vivan pami mò yo.

Tanpri, padonnen peche m yo. Mwen vire bò kote w, mwen resevwa renmen w ak padon w. Jodi a, mwen deklare ou se Seyè, e mwen remèt ou lavi m.

Mèsi paske ou sove m e ou ban m yon lavi tou nèf. Ede m konnen w, fè w konfyans, epi swiv ou chak jou.

Amèn.

# Byenvini nan Ankourajman pou chak maten

Kounye a w ap kòmanse mache ak Jezi, mwen espere ti devosyon sa yo ap ankouraje w sou wout la. Pran tan pou w li pasaj Bib yo, reflechi sou kesyon yo, epi pale ak Bondye nan lapriyè. Ou pa bezwen konprann tout bagay yon sèl kou. Kontinye aprann konnen l yon jou apre lòt.

# Sa ki ladan l


| Jou | Paj |
|---|---|
| 1. Prezans Bondye ki bay kè poze | 6 |
| 2. Kisa w ap kache? | 8 |
| 3. Bèl kado | 11 |
| 4. Li p ap janm lage w | 14 |
| 5. Kite l pote chay ou | 17 |
| 6. Konsolatè mwen | 19 |
| 7. Bondye veye sou nou | 21 |
| 8. Eritaj | 23 |
| 9. Aprann nan erè w | 25 |
| 10. Sakrifis nou fè | 27 |

# Sa ki ladan l


| Jou | Paj |
|---|---|
| 11. Li renmen w tou | 29 |
| 12. Bondye kenbe men w | 31 |
| 13. Yon Bondye pèsonèl | 33 |
| 14. Vrè egalite | 36 |
| 15. Tout bagay travay pou byen nou | 38 |
| 16. Ou ka konte sou Papa ou | 41 |
| 17. Bondye pi pre ou pase souf ou | 43 |
| 18. Dènye rekou | 46 |
| 19. Bondye pote chay nou | 48 |
| 20. Beki | 51 |

# Sa ki ladan l


| Jou | Paj |
|---|---|
| 21. Bondye avè m' | 53 |
| 22. Bèl pawòl lavi | 55 |
| 23. Mirak | 58 |
| 24. Lopital | 60 |
| 25. Sa ou fèt pou fè | 62 |
| 26. Grandi nan Bondye | 64 |
| 27. Woz yo wouj | 67 |
| 28. Pa kouri ale | 70 |
| 29. Pa pè lavni ou | 72 |
| 30. Pwoteksyon ak pwovizyon | 75 |

JOU 1

# Prezans Bondye ki bay kè poze

2 Tesalonisyen 3:16 (Bib La, moso)

> Mwen mande Seyè a ki konn bay kè poze, pou li fè kè nou poze tout tan, tout jan

Mwen sonje yon peryòd ki te vrèman difisil nan lavi m... yon peryòd kote m te kriye anpil... yon peryòd kote m te santi m prèske pa t ka manje... yon peryòd kote lide m t ap kouri toupatou, e m pa t menm ka jwi bagay ki te konn fè m plezi.

Pandan tan difisil sa a, mwen te jwenn konsolasyon lè m t ap li Bib la. Liv Sòm yo te sove lavi m!

Mwen te konn al chita devan òdinatè m pou m ekri... mwen te konn kopye e kole pasaj Bib... mwen te ekri sa k te nan tèt mwen... mwen te menm ekri kèk powèm. Mwen gen anpil paj jounal.

Paj jounal sa yo te vin kòmansman ti liv ou kenbe nan men w jodi a.

Mwen te jwenn anpil kè poze tou lè m te koute kèk chante. Te gen kèk chante mwen te konn chante nan tèt mwen ankò e ankò. Te gen yon chante an patikilye ki rele *Under the Blood of Jesus* ki te ede m travèse move pas sa a.

Lè m te konn sonje pawòl chante sa a, mwen te santi zanj Seyè yo te antoure m.

Prezans Bondye, zanmi m yo, se yon bagay ki bèl anpil. Laperèz, toumant, tèt chaje, enkyetid pa ka rete nan prezans Bondye. Si w ap travèse nenpòt kalite boulvèsman nan lavi w, mwen ankouraje w kòmanse koute mizik ak pawòl ki bay Bondye glwa... mwen ankouraje w louwe Bondye e adore l. Tout kò w ak tout nanm ou ap jwenn kè poze.

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Ki pasaj Bib oswa ki chante ki te konsole w nan yon moman difisil? Pran yon ti moman pou w sonje pawòl yo, epi pale ak Bondye sou sa ki nan kè w.

## Lapriyè

Seyè, mèsi pou konsolasyon Pawòl ou ak prezans ou. Ou konnen lide ak enkyetid ki toumante m. Pandan m ap li, priye e adore, ede m vire kè m bò kote w e jwenn repo nan renmen w. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 2

# Kisa w ap kache?

Sòm 119:11 (Bib La)

> Mwen sere pawòl ou yo nan kè mwen,
> pou m' pa fè peche kont ou.

Anjeneral, lè nou kache yon bagay, se yon bagay ki pa bon n ap kache, tankou yon move abitid oswa yon vis. Oubyen petèt ou achte twòp soulye e ou kache yo nan pandri w! (LOL)

Men isit la, nan Sòm 119, otè sòm nan ap kache yon bon bagay: Pawòl Bondye. Li sere l nan kè l pou l ka reziste peche e viv nan obeyisans devan Seyè a.

Nou sere Pawòl li nan kè nou lè nou li l, lè nou medite sou li—sa vle di pran tan pou n reflechi sou sa l vle di—epi lè nou mete l an pratik.

Kouman nou fè konnen sa ki kache nan kè nou? Bon, anjeneral, lè yon sitiyasyon ki bay tèt chaje rive, nou dekouvri sa ki nan kè nou nan sa ki soti nan bouch nou. Gen yon lòt pasaj nan Bib la ki di: “Sa ki nan kè yon moun, se sa ki soti nan bouch li” (Matye 12:34, Bib La, moso). Lè w kanpe nan yon liy ki long, lè vòl avyon w an reta, oswa lè yon moun di w yon move pawòl, ou dekouvri sa ki

kache nan kè w nan fason ou reyaji—nan sa ki debòde soti.

Ankourajman m pou ou jodi a, se pou kè w aliyen ak kè Bondye. Ou bezwen sere Pawòl li nan kè w. Lè Jezi te fè fas ak sitiyasyon ki te difisil anpil—moun t ap pase l nan rizib, moun t ap krache sou li—kouman l te reponn? Li te di: “Papa, padonnen yo. Yo pa konnen sa y'ap fè” (Lik 23:34, Bib La, moso).

Ann swiv egzanp Jezi. Ann pale Pawòl li e sere Pawòl li nan kè nou, pou lè nou travèse moman difisil, sa ki debòde soti se renmen Bondye.

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Chwazi yon pasaj nan Bib la, oswa sonje youn ou deja konnen. Pran tan pou w reflechi sou sa l vle di. Kouman ou ka pran verite li a nan kè w e mete l an pratik lè w fè fas ak tantasyon oswa ak yon sitiyasyon difisil?

## Lapriyè

Seyè, ede nou sere Pawòl ou nan kè nou. Ede nou konprann li e mete l an pratik, pou nou ka venk tantasyon ak peche nan lavi nou. Moutre nou swiv egzanp Jezi, pou n reponn sitiyasyon difisil yo ak renmen ou ak padon ou. Se pou sa ki debòde soti nan kè nou reflete ou. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 3

# Bèl kado

## Lekti nan Bib la

Matye 7:9–11 (Bib La)

> Eske gen yonn nan nou ki va bay pitit li yon wòch si li mande l' yon pen? 10 Eske la ba li yon koulèv si pitit li mande l' yon pwason? 11 Si nou menm ki mechan jan nou mechan an, nou konn bay pitit nou yo bon bagay, nou pa bezwen mande si Papa nou ki nan syèl la p'ap ban nou bon bagay lè nou mande li.

Lè m te tifi, yon jou yo te anonse nan opalè lekòl la te gen ti chen pou bay gratis. Papa m ak mwen te deja pale sou lide pran yon ti chen. Lè m rive lakay jou sa a, mwen te sèten nou t ap gen yon chen! Mwen annik di Papa pou ti chen yo, epi nou al chwazi youn. Dapre sa m sonje, mwen pa t bezwen sipliye l pou l ban m yon ti chen… mwen pa t bezwen kriye ni plede… mwen te konnen Papa te dakò e li te kapab ban m youn. Se egzakteman sa l te fè.

Mwen sonje yon lòt fwa, lè m te adolesan, Papa ak mwen te antre nan yon magazen. Mwen te eseye yon bèl manto vèt. Li te koute byen chè, men papa

m te renmen jan l te byen chita sou mwen. E ou konn kisa? Nou soti nan magazen an jou sa a ak manto a!

Si papa m te renmen ban m bèl kado, konbyen anplis Papa nou ki nan syèl la vle bay pitit li yo bèl kado!

Papa nou ki nan syèl la konn bay pitit li yo bèl kado. Mwen kwè gen moun ki gen yon move lide sou Bondye. Yo ka panse li vle gate tout plezi yo. Dapre sa m tande, san Bondye, moun souvan antre nan gwo tèt chaje. Mwen kwè Bondye vle pwoteje moun kont anpil doulè, kè fè mal ak lapenn. Bondye vle w fè sa w te fèt pou w fè! Li vle libere w pou w ka vin moun li rele w pou w ye a! L ap ba w sa w bezwen pou w akonpli plan li nan lavi w.

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Lè w sonje jan Papa w ki nan syèl la bon, kouman sa chanje fason ou pote bezwen w yo ba li?

## Lapriyè

Papa nou ki nan syèl la, mèsi paske ou renmen m e ou konnen sa m bezwen. Ede m fè bonte w konfyans e pote demann mwen yo ba ou avèk asirans. Ban m sa m bezwen pou m fè sa ou rele m pou m fè. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 4

# Li p ap janm lage w

Lekti nan Bib la

Ebre 13:5 (Bib La)

> Pa kite renmen lajan pran nanm nou. Se pou nou kontan ak sa nou genyen. Paske Bondye te di: Mwen p'ap janm vire do ba ou, mwen p'ap janm lage ou.

Lè m te tifi, papa m te konn mennen m nan pak timoun yo. Mwen te renmen balanse nan balansin yo! Nou te konn rete la yon bon ti tan, men finalman lè a te rive pou Papa di nou dwe tounen lakay.

Mwen pa t vle tounen lakay.

Papa m te konn jwe yon ti tou ak mwen – li te konn kache. Lè je m te fè wonn pak la, mwen pa t ka wè papa m okenn kote. Panik. Mwen te konn pran kouri tankou yon fou nan direksyon lakay.

Answit papa m te konn soti kote l te kache a epi mwen te wè l. Fyou! Li te toujou la. Devine kisa m te konn fè apre? Mwen te konn kouri tounen dwat nan pak la ankò!

Lè m panse ak sitiyasyon sa a nan lavi m, mwen panse ak lefèt ke, menm si nou ka santi nou pou kont nou, Bondye p ap janm kite nou ni lage nou.

Anpil moun jodi a, papa yo sou tè a te abandone yo. Lè yo rankontre yon Papa ki nan syèl la, yo gen difikilte paske yo pè pou li menm tou pa kite yo. Nou ka sèten nèt ale Bondye toujou avèk nou e li p ap janm kite nou. Nou p ap janm san papa. Menm si paran nou abandone nou, Bondye toujou la tou pre.

Sòm 27:10 se yon bèl vèsè ki montre kè Bondye, Papa a:

> Papa m' ak manman m' te mèt lage m', Seyè a va ranmase mwen.

Sòm 27:10 (Bib La)

Sa se yon gwo konsolasyon pou moun pwòp papa yo oswa pwòp manman yo te rejte.

Mwen konn ri lè m sonje sa m te konn fè lè m te wè papa m soti kote l te kache a. Mwen te konn kouri tounen dwat nan pak la ankò! Èske nou pa menm jan an ak Bondye? Li vle nou swiv li, men nou vle pran pwòp chemen pa nou. Mèsi Bondye, li pa lage nou! Menm jan papa m te la ap tann mwen, se konsa Papa a ap tann nou.

Mwen pa ka pa panse ak *Parabòl pitit gason ki te pèdi a* (Lik 15). Pitit gason sa a te gaspiye eritaj li, epi li te rann li kont li te dwe tounen lakay papa l.

> Msye te byen lwen kay la toujou lè papa a wè li.

Lik 15:20 (Bib La, moso)

Papa l t ap tann, l t ap veye pou pitit gason li te renmen anpil la tounen lakay!

Kòm kretyen, nou bezwen konprann kijan Papa nou ki nan syèl la renmen nou tout bon, kijan li plen gras, mizerikòd ak konpasyon!

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Ki lè ou te santi w pou kont ou? Kouman pwomès Bondye fè w ke li p ap janm lage w ankouraje w pou w fè l konfyans?

## Lapriyè

Papa, mèsi paske ou p ap janm kite m ni lage m. Ede m fè renmen w konfyans menm lè m santi m pou kont mwen. Rale m pi pre w, e ban m yon kè ki dispoze pou swiv ou kote ou mennen m. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 5

# Kite l pote chay ou

## Lekti nan Bib la

### Matye 11:28–30 (Bib La)

> Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, m'a soulaje nou. 29 Pran jouk mwen, mete l' sou zepòl nou. Pran leson nan men mwen. Paske mwen dou, mwen toujou soumèt mwen tout bon devan Bondye. Konsa, n'a viv ak kè poze. 30 Paske, jouk m'ap ban nou an fasil pou pote, chay m'ap ban nou an pa lou.

Se pa yon bagay ki dwòl nan Newfoundland pou w leve yon maten epi jwenn yon pakèt nèj devan lakay ou. Mwen sonje yon fwa machin pou retire nèj nou an pa t ap mache byen. Li t ap yon gwo goumen pou n retire tout nèj sa a ak yon pèl sèlman! Epi vwazen nou an te pase ak gwo traktè li a, li netwaye tout antre a.

Mwen panse se yon bon egzanp pou montre jan Bondye ye… Li tèlman bon nan netwaye chemen nou… nan fè kote ki graje vin lis e kote ki koube vin dwat.

Gen nan nou ki toujou deyò a ap eseye fè tout bagay pou kont nou ak ti pèl nou an. Kite l pote chay ou. Kite l pote fado a. Kite l louvri chemen an.

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Ki chay w ap eseye pote ak pwòp “ti pèl” pa w? Pran yon ti moman pou w nonmen l e pote l bay Jezi.

## Lapriyè

Jezi, mèsi paske ou envite m vin jwenn ou lè m bouke. Ou konnen chay m ap pote a. Ede m pote l ba ou, resevwa èd ou, e aprann nan men w. Moutre m repoze nan swen ou pandan m ap fè pwochen pa a. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 6

# Konsolatè mwen

Men yon pasaj Bib ki bay konsolasyon:

Ezayi 51:11 (Bib La)

> 11 Moun Seyè a delivre yo ap tounen lakay yo. Y'ap rive sou mòn Siyon an avèk chante nan bouch yo, ak yon kontantman nan tout figi yo, yon sèl kè kontan ki p'ap janm fini. P'ap gen lapenn, p'ap gen plenyen ankò. Se va kè kontan ak fèt pou tout tan.

Lè m te tifi, grann mwen White, manman Papa, te fè yon kouvèti pou mwen (an angle yo rele l yon “comforter”, sa vle di yon “konsolatè”). Li te kouvri ak flanèl e li te boure ak lenn. Nan gwo frèt sezon ivè, mwen te ka kouvri tèt mwen ak kouvèti sa a e m te cho... byen alèz menm.

Jezi rele Sentespri a Konsolatè nou.

> Moun ki pou vin ankouraje nou an, se Sentespri. Se Papa m' k'ap voye l' nan non mwen. Sentespri sa a va moutre nou tout bagay, la fè nou chonje tou sa m' te di nou.

Jan 14:26 (Bib La)

Kounye a, Konsolatè m nan vlope m toupatou. Li viv anndan m. Sentespri a se moun ki ede m e ki konsole m.

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Ki kote ou bezwen konsolasyon jodi a? Ki espwa ou jwenn nan pwomès kè kontan ak lajwa sa a?

## Lapriyè

Sentespri, mèsi paske ou se Moun ki ede m e ki konsole m. Ou konnen tristès ak chay m ap pote. Ede m resevwa konsolasyon w e kenbe fèm nan espwa ou ban mwen an. Fè m kapab pataje bonte w tou ak yon moun ki bezwen ankourajman. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 7

# Bondye veye sou nou

## Lekti nan Bib la

### Sòm 121:7–8 (Bib La)

> 7 Seyè a ap pwoteje ou pou anyen pa rive ou, li
> p'ap kite anyen rive ou.
> 8 L'ap pwoteje ou kit w'ap antre, kit w'ap soti,
> depi koulye a ak pou tout tan.

Kòm paran, gen de lè nou bezwen yon moun pou veye pitit nou yo. Nou vle yon moun nou ka fè konfyans—yon moun ki pral fè atansyon ak bezwen yo e ki pral kenbe yo an sekirite. Sa ban nou kè poze lè nou konnen pitit nou yo an bon men.

Èske se pa bèl bagay pou n konnen Bondye ki fè linivè a ap veye sou nou, pitit li yo? Li konnen nou. Li renmen nou. Nou pa janm soti devan je l.

Bondye veye sou nou, e anyen pa janm pran l pa sipriz. Li pa panike. Lè nou pa konn sa pou n fè, nou ka vire bò kote l e konte sou swen l.

Nou bezwen kanpe e reflechi sou sa yon ti moman. Bondye ki fè linivè a ap veye sou nou!

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Ki enkyetid ki peze sou lespri w? Kouman Sòm 121 ankouraje w pou w remèt Bondye l?

## Lapriyè

Seyè, mèsi paske w ap veye sou mwen. Anyen nan lavi m pa pran w pa sipriz. Lè m santi m enkyete, ede m sonje swen ou e repoze nan kè poze ou bay. Ede m fè w konfyans pandan m ap pase jounen sa a. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 8

# Eritaj

## Lekti nan Bib la

Pòl ap pale ak Timote, li di:

### 2 Timote 1:5 (Bib La)

> Mwen pa janm bliye jan ou gen konfyans nan Bondye ak tout kè ou. Lòyis, grann ou, ak Enis, manman ou, te gen konfyans konsa nan li tou. Wi, mwen sèten ou gen menm konfyans sa a tou.

Grann mwen, Nellie Farwell, te renmen fè makèt. An reyalite, mwen kwè se nan men l mwen eritye jèn sa a. Li te renmen ranmase tas ak soukoup an pòslèn. Tas sa yo te pase bay manman m ak twa sè l yo. Chak nan yo gen anpil moso nan koleksyon an.

Kòm paran, mwen vle pase bon bagay bay pitit mwen. Mwen renmen sakamen ak rad anpil, men mwen pa kwè pitit gason m ta renmen yo twòp. Men sa m ta renmen pase ba li, se yon eritaj ki chita sou Bondye. Mwen vle l konprann jan li enpòtan pou w fè Bondye konfyans e viv lavi w pou li chak jou. Si m ka fè sa, mwen kwè wòl mwen kòm manman l ap yon gwo siksè!

Deside nan kè w jodi a pou w yon egzanp ki fè Bondye plezi pou moun ki bò kote w. Sa ka pitit pitit ou, elèv ou, kòlèg travay ou, fanmi w, zanmi w. Pa viv tankou moun fou. Gen bon konprann!

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Kisa w ta renmen pase bay moun ki gade sou ou kòm egzanp? Kouman ou ka montre yo sa sa vle di pou w fè Bondye konfyans?

## Lapriyè

Papa, mèsi pou moun ki te montre m sa lafwa ye. Ede m vin yon egzanp ki fè w plezi pou moun ki bò kote m. Se pou pawòl mwen ak aksyon m ankouraje lòt moun pou yo fè w konfyans e viv pou ou. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 9

# Aprann nan erè w

## Lekti nan Bib la

### Jozye 1:8 (Bib La)

> Se pou pawòl ki nan liv lalwa a toujou nan bouch ou. Se pou w'ap kalkile yo nan tèt ou lajounen kou lannwit, pou ou ka viv dapre sa ki ekri nan liv la. Se konsa w'a mennen bak ou byen. Tout zafè ou va mache byen.

Se pa paske w echwe ki fè w se yon moun ki echwe. Lè w echwe, ou bezwen egzamine kote w te mal pran l e ranje pwoblèm nan pou w pa kontinye echwe. Ou bezwen aprann nan erè w e eseye pa peze bouton “repete” a!

Anplis, mwen kwè li enpòtan pou n aprann nan erè lòt moun. Ou pa bezwen aprann bagay yo nan fason ki di a – si w te wè yon moun ki te fè gwo erè, èske w pa ka aprann nan sa? Mwen kwè ou kapab.

Ou ka evite fè erè tou lè w li sajès ki nan Bib la. Liv Pwovèb plen sajès. Li Bib la, medite sou li e aplike l... se yon bèl fason pou evite anpil tèt chaje ak boulvèsman nan lavi. Se chemen siksè ki soti nan Bondye.

Siksè ka pou ou!

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Kisa w te aprann nan yon erè? Ki sajès nan Pawòl Bondye ki ka ede w fè yon lòt chwa pwochen fwa?

## Lapriyè

Papa, mèsi paske yon echèk pa oblije defini lavi m. Ede m aprann, aksepte koreksyon, e fè bon chwa. Moutre m mete Pawòl ou an pratik olye pou m repete menm erè yo. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 10

# Sakrifis nou fè

## Women 12:1 (Bib La)

> Se sak fè, frè m' yo, jan Bondye fè nou wè li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri tout kò nou ba li tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye, bèt yo ofri tou vivan epi k'ap fè Bondye plezi. Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye tout bon.

Mwen sonje lè m t ap travay Stephenville e m t ap renmen ak Steve. Steve te toujou St. John's... renmen a distans. Mwen sonje yon aswè li te jwenn yon woulib jis Gander. Li te vle m vin chèche l Gander, epi n t ap pase yon ti tan ansanm Springdale.

Kisa m te fè? Mwen travay tout jounen an, apre sa m monte nan machin mwen e m kondui jis Gander. Epi nou pran wout tounen lakay Springdale. Gade fou sa nou fè pou renmen! hahahaha

Lè w renmen yon moun tout bon, w ap fè sakrifis pou li. Nou souvan tande jan Bondye renmen nou anpil, men konbyen nou menm nou renmen l? Ki distans ou ta kondui pou li? Kisa w ta dispoze sakrifye?

Ou sonje kantik sa a?

> Tout bagay, mwen remèt Jezi;
> Tout bagay, mwen ba li ak tout kè m;
> M ap toujou renmen l e fè l konfyans,
> M ap viv chak jou devan li.

> Mwen remèt tout,
> Mwen remèt tout;
> Tout bagay pou ou, Sovè beni mwen an,
> Mwen remèt tout.

Soti nan “I Surrender All,” Judson W. Van DeVenter, 1896. Domèn piblik.

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Kisa renmen Bondye ta ka mande w bay oswa lage? Kouman ou ka reponn li ak yon kè ki dispoze?

## Lapriyè

Jezi, mèsi pou gwo renmen ou gen pou mwen. Ede m renmen w plis pase ak pawòl sèlman. Montre m sa sa vle di pou m remèt ou plan m yo e sèvi w ak bon kè. Se pou chwa m yo reflete renmen m gen pou ou. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 11

# Li renmen w tou

## Lekti nan Bib la

## Efezyen 3:18–19 (Bib La)

> pou nou ka konprann, ansanm ak tout pèp Bondye a, jan renmen Kris la laj, jan li long, jan li fon, jan li wo. 19 Wi, mwen mande pou nou rive konnen kalite renmen Kris la gen pou nou, atout pesonn p'ap janm ka rive konnen l' nèt. Konsa, n'a vin plen nèt ak tou sa ki nan Bondye.

Mwen te rankontre Steve lè nou te nan premye ane lekòl. Pou mwen, se te renmen depi premye kout je! Mwen sonje mwen te ba l yon gwo kat Sen Valanten jou Sen Valanten lè nou te lekòl primè. Mwen sonje mwen te konn fè kòmsi m marye ak Steve Clarke – mwen te konn fè kòmsi m se April Clarke, madanm Steve Clarke. (Mwen kwè April se te yon pèsonaj nan feyton televizyon *The Edge of Night* mwen te konn renmen an… hahaha)

Malerezman, Steve pa t santi menm bagay ak mwen jis byen pita – apeprè dizan apre. Gason yo lan, pa vre?

Li difisil lè w renmen yon moun e li pa renmen w tou.

Bon nouvèl la, sè ke lè w renmen Bondye, li toujou renmen w tou. An reyalite, se li ki te renmen w anvan. Li renmen w menm lè w pa merite renmen l. Renmen Bondye pou ou fon e li pa gen limit!

Lòt bon nouvèl la, sè ke Steve ak mwen te marye. Bondye tèlman bon. Bondye beni m ak yon mari estrawòdinè ki renmen m anpil.

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Kisa vèsè sa yo di w sou jan renmen Bondye fon? Kouman lefèt ou konnen se li ki te renmen w anvan ankouraje w?

## Lapriyè

Papa, mèsi paske ou te renmen m anvan menm m te renmen w. Ede m konprann plis jan renmen w laj, long, wo e fon. Kite renmen sa a byen chita nan kè m e fòme fason m renmen lòt moun. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 12

# Bondye kenbe men w

Lè m t ap grandi, papa m ak mwen te konn al fè ti mache ansanm. Mwen sonje sitou lè nou te konn mache ansanm nan sezon ivè. Papa m te toujou kenbe men m. Mwen te sanble mete gan oswa mitèn pou kenbe men m cho. Men, nan jou frèt sa yo, Papa pa t sèlman kenbe men m, li te pran men m nan men l epi li te mete yo nan pòch li. Mwen te toujou jwenn sa tèlman konsolan – men m nan men l nan pòch li! Ala sekirite!

Kantik *He Leadeth Me* eksprime sekirite sa a tèlman byen. Mwen renmen kouplè sa a:

> Seyè, mwen ta mete men m nan men w,
> san m pa janm babye ni plenyen;
> kontan, kèlkeswa sa m jwenn sou wout la,
> paske se Bondye m k ap mennen m.

Soti nan *He Leadeth Me*, Joseph H. Gilmore, 1862. Domèn piblik.

Nou ka fè Bondye konfyans nèt. Nou mete men nou nan men l. Apre sa, li mache avèk nou e li mennen nou kote nou bezwen ale.

Kite l mennen w!

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Ki desizyon oswa ki sitiyasyon ou bezwen Bondye mennen w travèse? Kouman ou ka mete konfyans ou nan li?

## Lapriyè

Papa, mèsi pou sekirite m genyen lè m konnen w. Mwen mete men m nan men w. Mennen m nan chemen m dwe pran an e ede m swiv ou ak yon kè ki dispoze. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 13

# Yon Bondye pèsonèl

## Sòm 139:1–6, 13–14, 16–18 (Bib La, kèk moso)

> 1 Seyè, ou sonde m', ou konnen ki moun mwen ye.
> 2 Ou konnen lè m' chita, ou konnen lè m' kanpe. Ou rete byen lwen, ou konnen tou sa k'ap pase nan tèt mwen.
> 3 Mwen te mèt ap mache, mwen te mèt kouche, ou wè m', ou konnen tou sa m'ap fè.
> 4 Mwen poko menm louvri bouch mwen, ou gen tan konnen tou sa mwen pral di.
> 5 Kote m' vire, ou la bò kote m', w'ap pwoteje m' ak pouvwa ou.
> 6 Konesans ou genyen yo twòp pou mwen. Yo depase m', mwen pa konprann yo.
> 13 Wi, se ou ki fòme tout pati nan kò m', se ou ki ranje yo byen ranje nan vant manman m'.
> 14 M'ap fè lwanj ou, paske ou pa manke fè bèl bagay. Tou sa ou fè se bèl bagay. Mwen konn sa byen.
> 16 Depi anvan m' te fèt, tout lavi m' te devan je ou. Tou sa mwen tapral fè te deja ekri nan liv ou, anvan menm mwen te fè yo.
> 17 Bondye, sa ki nan tèt ou twò difisil pou m' konprann, lèfini yo anpil!

> 18 Si m' ta vle konte yo, yo ta pi plis pase grenn sab ki bò lanmè.

Kenbe men se yon jès ki entim. Se yon siy ki montre nou ansanm. Pafwa lè yon moun malad, nou kenbe men l pou n fè l konnen nou la. Lè yon koup ap mache nan lari, yo ka kenbe men.

Mwen sonje yon fwa m te al nan yon konsè Diana Krall ak Steve. Mwen te santi tankou nou te nan salon lakay nou e li t ap jwe pou nou. Se te yon bèl eksperyans. Nan yon moman, si m sonje byen, Steve te lonje men l e li te pran men m. Se te yon moman tèlman pèsonèl, tèlman entim, mwen kwè m te kòmanse kriye. (Pa gen anyen etonan nan sa!)

Nou bezwen konprann Bondye konnen nou pi byen pase nenpòt moun ta ka janm konnen nou. Li konnen tout bagay sou nou! Malgre feblès nou yo, li toujou renmen nou. Nou ka louvri kè nou ba li. Nou ka fè l konfyans pou nenpòt bagay. Li se yon Bondye pèsonèl e li vle gen yon relasyon pèsonèl avèk nou. Li vle kenbe men nou paske li vle patisipe nan lavi nou.

Men yon bagay pou n reflechi sou li!

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Kisa w ta renmen pataje ak Bondye jodi a, pandan w konnen li deja konnen w nèt e li renmen w?

## Lapriyè

Seyè, mèsi paske ou konnen m nèt e ou toujou renmen m. Ede m pale ak ou san m pa kache anyen e fè w konfyans ak sa ki nan kè m. Mèsi paske ou vle gen yon relasyon pèsonèl avè m. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 14

# Vrè egalite

## Lekti nan Bib la

### 1 Korentyen 12:18–21 (Bib La)

> 18 Men, Bondye mete divès manm nan plas yo
> nan kò a, jan l' vle. 19 Pa ta gen yon kò si tout te
> yon sèl kalite manm. 20 Konsa, gen anpil manm,
> men gen yon sèl kò. 21 Nan kondisyon sa a,
> grenn je a pa ka di men an: Mwen pa bezwen ou.
> Tèt la pa ka di pye yo: Mwen pa bezwen nou.

Moun ki gen cheve swa natirèlman souvan anvi gen cheve boukle. Moun ki gen cheve boukle vle cheve swa. Poukisa nou pa janm satisfè? Poukisa nou konpare tèt nou ak lòt moun e nou pa kontan ak sa nou genyen?

Sa konn rive souvan nan legliz, ou konnen. Moun vle chante tankou sila a oswa jwe pyano tankou Joe. Moun panse lòt yo tèlman gen don e yo menm yo pa gen anpil bagay pou yo ofri.

Se pa laverite! Se pa konsa Bondye te fè legliz la pou l mache!

*Tout moun egal* nan kò Kris la! Moun k ap dirije louwanj lan pa pi enpòtan pase moun k ap pase

aspiratè sou tapi a! Pastè a pa pi enpòtan pase moun k ap anseye lekòl di dimanch lan! Èske sa pa libere w?!

Swiv Jezi e fè sa l rele w pou w fè. Rete pre l. Renmen l ak tout kè w, tout lespri w ak tout fòs ou. Sispann konpare tèt ou ak lòt moun. Se pou sa l panse de ou ki enterese w. Ou p ap janm ka fè moun plezi, men ou ka fè Bondye plezi.

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Èske w konn konpare don w oswa wòl ou ak pa yon lòt moun? Kouman ou ka fè sa Bondye rele w pou w fè avèk fidelite?

## Lapriyè

Papa, mèsi paske chak moun konte nan fanmi w. Ede m sispann konpare tèt mwen ak lòt moun e sèvi w ak yon kè ki dispoze. Ban m sajès pou m konnen volonte w e viv yon fason ki fè w plezi. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 15

# Tout bagay travay pou byen nou

## Women 8:28 (Bib La)

> Tansèlman, nou konn sa byen: nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen l', pou byen tout moun li te fè lide rele.

Move bagay rive toupatou bò kote nou. Move bagay rive nou menm tou. Se pa Bondye ki fè bagay sa yo rive. Bagay ki fè nou mal yo pa vle di Bondye sispann renmen nou. Nou gen yon ènmi, dyab la ak move lespri l yo, ki mete dezòd ak mechanste nan lemonn.

Bondye se yon Bondye ki bon. Li se yon bon Papa. L ap pran chak sitiyasyon nou travèse e fè byen soti ladan l.

Ann gade istwa Jozèf. Bondye te bay Jozèf gwo rèv. Frè l yo pa t renmen rèv Jozèf te rakonte yo. Okòmansman, yo te vle touye frè yo a, men finalman yo vann li kòm esklav. Imajine pwòp fanmi w vann ou!

E istwa a pa fini la! Yo te akize Jozèf pou yon krim li pa t fè. Yo mete l nan prizon. Li te la pandan plizyè ane!

Men, apre Jozèf te vin gen pouvwa nan peyi Lejip, li te di frè l yo:

> Nou te moute konplo pou fè m' mal. Men Bondye fè sa tounen yon byen

Jenèz 50:20 (Bib La, moso)

Bondye fè tout bagay travay pou byen moun ki renmen l, moun li rele pou plan li!

Petèt w ap travèse yon sitiyasyon ki difisil anpil. Petèt ou te pase nan malè, relasyon ki kraze, doulè, dekourajman.

Ou mèt sèten, si w renmen Bondye e ou remèt li lavi w, l ap travay—menm lè w pa ka wè l. Nou ka pa konprann kijan oswa kilè, men nou ka fè l konfyans pou l fè byen soti nan sa n ap travèse, pou onè l ak glwa l.

Bondye beni w jodi a.

## Refleksyon

Èske gen yon sitiyasyon difisil nan lavi w ou pa konprann? Kisa ki ankouraje w nan istwa Jozèf la? Pran yon ti moman pou w pote sitiyasyon w lan bay Bondye e mande l ede w fè l konfyans, menm pandan w ap tann.

## Lapriyè

Papa, mèsi paske ou se yon bon Papa. Ou wè sa m ap travèse, e ou konnen kijan m santi m. Ede m fè w konfyans lè m pa konprann sa k ap pase oswa lè m pa ka wè yon chemen devan m. Ban m fòs pou jodi a e pasyans pandan m ap tann. Mwen mete sitiyasyon sa a nan men w. Fè byen soti ladan l, e se pou lavi m fè w onè e ba w glwa. Nan non Jezi, amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 16

# Ou ka konte sou Papa ou

## Lekti Bib la

### Detewonòm 31:8 (Bib La)

> 8 Seyè a va pran devan ou, l'a kanpe la avè ou. Li p'ap janm lage ou, li p'ap kite ou pou kont ou: Ou pa bezwen pè. Ou pa bezwen tranble.

Nou gen yon Papa nan syèl la ki bon anpil. Li pwomèt li p'ap janm kite nou. Li avèk nou nan gwo moman kè kontan yo. Li avèk nou tou nan pi move tanpèt lavi a.

Mwen chonje lè papa m' te mache avè m' rive devan lotèl la jou maryaj mwen. Se te yon moman ki te touche kè m' anpil. Mwen te sèten mwen t'ap pran yon bon desizyon. Bra nan bra, papa m' te mache avè m'. Papa te la, kanpe bò kote m'.

Lè m' te tifi, mwen chonje yon fwa nou te tonbe nan yon move tanpèt nèj pandan youn nan vwayaj nou yo pou Grand Bank. Yo te fèmen wout yo sou penensil Burin nan, e nou te oblije vire tounen lakay. Ou konnen wout la move nèt lè yon minit gen yon gwo kamyon devan ou, epi minit apre, kamyon an disparèt… li soti sou wout la. Papa m' te yon chofè ki konn kondui byen anpil. Li te kenbe

machin nan byen nan men l'. Jan mwen chonje l', mwen pa t' gen okenn tèt chaje ni okenn kè sote. Papa te la, kanpe bò kote m'.

Nan tout sa, papa m' te la. Mwen te ka konte sou li. Nan tout sa, Papa m' la. Mwen ka konte sou Li.

Pa janm bliye sa!

Bondye beni ou jodi a.

## Refleksyon

Ki lè ou te santi Papa ou ki nan syèl la t'ap pran swen ou, nan yon bon moman oswa nan yon moman difisil? Kisa ou bezwen fè L konfyans pou li jodi a?

## Lapriyè

Papa nou ki nan syèl la, mèsi paske Ou avè m' nan kè kontan ak nan tanpèt lavi a. Ede m' chonje mwen ka konte sou Ou. Kèlkeswa sa m'ap fè fas jodi a, ban m' konfyans nan jan Ou toujou fidèl pou pran swen m'. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 17

# Bondye pi pre ou pase souf ou

Women 8:38–39 (Bib La)

> 38 Paske, mwen gen lasirans anyen pa ka fè nou pèdi renmen Kris la gen pou nou: ni lanmò, ni lavi, ni zanj Bondye yo, ni lòt otorite ak pouvwa ki nan syèl la, ni bagay ki la jòdi a, ni sa ki gen pou vini pita, 39 ni pouvwa ki anwo nan syèl la, ni pouvwa ki anba tè a. Non. Pa gen anyen nan tout kreyasyon Bondye a ki ka janm fè nou pèdi renmen Bondye fè nou wè nan Jezikri, Seyè nou an.

Mwen t'ap travay kòm pwofesè franse nan yon lekòl nan St. John’s. Yon jou, manman m' rele m' san m' pa t' atann. Li di m' papa m' te fè yon kriz kè, e yo te mennen l' lopital Grand Falls. Lè Steve avè m' rive lopital la, yo te gentan estabilize papa m'. Ala soulajman!

Men, yon jou byen ta nan nwit, yo rele nou pou di nou li te vin pi mal.

Mwen chonje lè m' antre nan chanm lopital li a, mwen te wè kè l' t'ap bat fò anpil. Mwen te ka wè pwatrin li k'ap monte desann, tèlman kè l' t'ap bat vit. Mwen te pè anpil pou l' pa mouri. Mwen chonje

mwen te di pawòl sa a sou papa m': « Non, mwen p'ap mouri. M'a viv! M'a rakonte sa Seyè a fè pou mwen. » (Dapre Sòm 118:17, Bib La.)

Mwen kontan anpil pou m' di nou papa m' te refè apre eprèv sa a!

M'ap rakonte istwa sa a poutèt yon bagay papa m' te pataje avè m' apre sa. Mwen chonje mwen te mande l' si l' te pè mouri. Li di m' li pa t' pè.

Li te ede m' konprann yon gwo verite – li di m', menm si li pa t' sèten l'ap ka rale yon lòt souf, li te sèten Bondye te la avè l'. « Bondye pi pre ou pase souf ou menm! »

Verite sa a konsole m' lè m' pè. Èske ou janm tande chante *He's as Close as the Mention of His Name* Gordon Jensen ekri a? (Tit la vle di « Li pre ou menm jan ak lè ou di non L ».) Mwen kwè Li pi pre pase sa ankò. Bondye la menm lè nou pa ka di yon mo. Bondye la menm lè pa gen pwochen souf ankò!

Menm lanmò pa ka separe ou ak renmen Bondye! Gen kè poze konsa, se yon bagay ki pa gen pri.

Bondye beni ou jodi a.

## Refleksyon

Ki lè ou te santi ou pè oswa ou pa t' jwenn mo pou priye? Kisa sa vle di pou ou, lè ou konnen Bondye pre ou?

## Lapriyè

Papa, mèsi paske Ou pre m', menm lè m' pa jwenn mo pou m' priye. Lè m' pè, fè m' chonje jan Ou renmen m'. Ede m' fè konfyans prezans Ou nan chak moman ki pa klè. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 18

# Dènye rekou

## Lekti Bib la

Mwen renmen pasaj sa a:

### Lamantasyon 3:22–23 (Bib La)

> Seyè a pa janm sispann renmen nou. L'ap toujou gen pitye pou nou. 23 Tankou solèy la ki leve chak maten konsa tou l'ap toujou kenbe pawòl li.

Èske sa janm rive ou, yon moun rele ou pou fè yon bagay, epi ou pa t' premye moun yo te mande? Petèt ou te byen lwen anba nan lis la… epi yo rele ou paske yo te bloke.

Mwen panse nou konn trete Bondye konsa tou. Lè tout lòt bagay fin echwe, nou vire bò kote L.

Se Bondye nou ta dwe chache an premye. Kèlkeswa sitiyasyon nou ladan l', nou bezwen priye pou sa. Nou bezwen fè L konfyans ladan l'. Si ou bezwen repons, mande L pou L gide ou. Li Bib la, l'ap ede ou fè bon chwa.

Pa kite Bondye pou pita… pi bonè ou kòmanse sèvi L, se pi bon. Kite L ede ou chwazi metye ou nan lavi… kite L ede ou chwazi mari ou oswa madanm ou… Mwen kwè lavi a t'ap pi dous si nou te kite L

ede nou fè bon chwa depi okòmansman, olye nou mande L pou rale nou soti nan tout mele nou mele tèt nou ladan yo!

Si ou nan yon gwo mele, pa dekouraje! Bondye fidèl. L'ap ede ou. Se yon jou tou nèf jodi a. Chwazi L jodi a.

Kite Bondye se premye chwa ou. Pa fè L dènye rekou ou.

Bondye beni ou jodi a.

### Refleksyon

Ki sitiyasyon ou bezwen pote bay Bondye? Ki direksyon ou ka jwenn nan Bib la pandan w ap chache èd Li?

### Lapriyè

Papa, padone m' pou tout fwa mwen vire bò kote W sèlman apre m' fin eseye tout lòt bagay. Mèsi paske konpasyon Ou pa janm fini. Ede m' chache W an premye, koute direksyon Ou, epi fè W konfyans pou chwa ki devan m' yo. Amèn.

### Refleksyon mwen

JOU 19

# Bondye pote chay nou

1 Pyè 5:7 (Bib La)

> Lage tout tèt chaje nou yo ba li, paske l'ap pran swen nou.

Lè m' te pi jenn, mwen te konn al lapèch ak papa m' ak frè m' yo. Èske ou konnen ki jan sa ye lè yon gwo pwason mòde nan zen ou? Mwen konnen. Omwen, mwen te kwè se te yon gwo pwason. Twò gwo pou m' ta rale l'! Papa te konn vin sove m', li rale pwason an monte pou mwen.

Menm jan papa m' te konn rale pwason an pou mwen, nou bezwen kite Bondye pote chay nou pou nou. Bondye pa vle nou pote chay la pou kont nou. Se pa yon siy feblès lè ou renmèt li bay Bondye. Mwen kwè se yon siy ki montre nou konnen limit nou kòm moun. Se Li sèl ki ka fè nou travèse tout boulvès ak tout kriz lavi sa a.

Pale ak Bondye sou pwoblèm ou yo. Depi ou santi ou nan detrès, ou pa gen moral, ou gen kè sote, ou depase, ou pa konprann anyen, fè L konnen sa. Pran yon randevou ak *Bon konseye k'ap fè bèl bagay la*, epi pale avè L sou tout sa ki sou kè ou (Ezayi 9:6).

Mwen dakò ak moun ki te ekri kantik sa a lè li te ekri pawòl sa yo:

> Ala yon zanmi nou genyen nan Jezi,
> Ki pote tout peche nou ak tout lapenn nou!
> Ala yon gwo privilèj pou nou pote
> Tout bagay bay Bondye nan lapriyè!
> O, konbyen fwa nou pèdi kè poze nou,
> O, konbyen doulè nou soufri pou granmesi,
> Tout sa paske nou pa pote
> Tout bagay bay Bondye nan lapriyè!

> Èske nou gen eprèv ak tantasyon?
> Èske gen traka yon kote?
> Nou pa dwe janm dekouraje—
> Pote l' bay Seyè a nan lapriyè.
> Èske nou ka jwenn yon zanmi ki fidèl konsa,
> Ki va pataje tout lapenn nou?
> Jezi konnen chak feblès nou;
> Pote l' bay Seyè a nan lapriyè.

Soti nan *What a Friend We Have in Jesus*, Joseph M. Scriven, 1855. Domèn piblik.

Nou pote tout bagay nou yo... doulè nou, peche nou, lapenn nou, tèt chaje nou, epi nou pa menm bezwen fè sa! Ba Li tout bagay ou yo. Lage tout bagay ou yo sou Li. Li renmen ou tèlman, Li vle pote yo pou ou!

Bondye beni ou jodi a.

## Refleksyon

Ki chay w ap pote jodi a? Kisa ou ta renmen di Papa ou ki nan syèl la sou sa?

## Lapriyè

Papa, mèsi paske mwen ka pote tout chay mwen ba Ou. Jodi a mwen lage tout tèt chaje m', tout chay mwen, tout traka m' ak tout enkyetid mwen sou Ou, paske Ou pran swen m'. Ede m' pale ak Ou san kache anyen sou sa k'ap trakase m', epi fè konfyans jan Ou pran swen m'. Ban m' sajès ak fòs pou sa m'ap fè fas jodi a. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 20

# Beki

> Apiye, apiye,
> An sekirite, lwen tout danje;
> Apiye, apiye,
> Apiye sou bra ki la pou tout tan yo.

Soti nan *Leaning on the Everlasting Arms*, Elisha A. Hoffman ak Anthony J. Showalter, 1887. Domèn piblik.

Gen moun ki di Bondye se yon beki. Yo panse se moun ki fèb sèlman ki bezwen Bondye. Se sèlman moun ki pa entelijan ki konte sou yon Bondye yo pa ka wè ni manyen.

Èske yon beki se yon move bagay? Janm ou kase, ou pa ka mache. Kisa ou fè? Ou pran yon pè beki pou ou ka deplase. Beki yo ba ou estabilite, yo pèmèt ou mache. Mwen panse se t'ap yon bètiz si m' te chita lakay mwen ak janm kase m' lan san m' pa sèvi ak pè beki sa yo... Mwen pi byen ak beki yo!

Sa m' vle di a, se ke pou kont mwen, mwen fèb. M'ap rekonèt sa. Mwen kraze. Mwen gen defo. Mwen se pechè. Mwen konn pè. Lis la long.

M'ap di l' byen fò: mwen *bezwen Bondye*! Mwen pa ka rive san Li. Mwen pa vle viv lavi a san Li.

Kidonk, si ou panse mwen fèb poutèt sa, se pa pwoblèm. Mwen bezwen beki sa a. Mwen bezwen L mache avè m' nan vwayaj yo rele lavi a. (Pafwa, mwen bezwen L pote m'!) Mwen bezwen sipò Li. Mwen bezwen fòs Li ban mwen an.

Gen yon ansyen ti kantik yo rele *I Don't Know What I Would Do Without the Lord* (« Mwen pa konnen sa m' t'ap fè san Seyè a »). E pou di ou verite, se egzakteman sa m' santi!

Bondye beni ou jodi a.

## Refleksyon

Ki kote ou bezwen fòs Bondye jodi a? Ki jan sa ta ye pou ou depann de Li nan pati sa a nan lavi ou?

## Lapriyè

Seyè, mwen bezwen Ou. Mèsi paske mwen ka vin jwenn Ou ak feblès mwen ak laperèz mwen. Ede m' konte sou fòs Ou epi resevwa sipò Ou. Mache avè m' nan chak pa, epi pote m' lè m' pa ka kontinye pou kont mwen. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 21

# Bondye avè m'

Manman m' te mennen m' legliz depi m' te tou piti. Mwen te mande Jezi pou L vin Sovè m' lè m' te tifi. Lè m' te adolesan, mwen te sèvi Seyè a. Mwen te al inivèsite. Seyè a te ale avè m'. Mwen marye, mwen fè yon pitit gason. Bondye se zanmi fidèl mwen. Bondye avèk nou nan maryaj nou.

Mwen vin rann mwen kont mwen pa konnen ki jan lavi ye san Bondye ladan l'. M'ap ale pi lwen toujou: mwen pa vle viv lavi m' san Bondye ladan l'!

Bondye pa yon moun mwen al wè dimanch maten sèlman. Li la avè m' 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Objektif mwen se mete L nan chak pati nan lavi m'... kite L Seyè tout bagay.

> Mwen lage tout bagay bay Jezi,
> Mwen bese tèt mwen nan pye L ak imilite;
> Mwen kite tout plezi lemonn,
> Pran m', Jezi, pran m' kounye a.

Soti nan *I Surrender All*, Judson W. Van DeVenter, 1896. Domèn piblik.

Bondye beni ou jodi a.

## Refleksyon

Ki pati nan lavi ou chak jou ou ta renmen lage pi plis nan men Jezi?

## Lapriyè

Jezi, mèsi paske Ou avè m' nan chak pati nan lavi m'. Ede m' lage tout desizyon m', tout relasyon m' ak tout plan m' nan men Ou, Seyè. Mwen ofri W kè m' ak tout sa mwen ye. Se pou W Seyè tout bagay. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 22

# Bèl pawòl lavi

## Lekti Bib la

### 2 Korentyen 4:16–18 (Bib La)

> 16 Se sak fè mwen pa janm dekouraje. Menm si kò m' ap bese chak jou, lespri m' ap vin pi fèm chak jou tou. 17 Sa m'ap sibi koulye a, se yon ti soufrans ki la pou pase. Men, soufrans sa a ap pare pou mwen yon bèl pouvwa k'ap la pou tout tan, pouvwa ki depase ti soufrans sa a anpil. 18 Paske, mwen p'ap konsidere bagay moun wè, men bagay moun pa wè. Sa moun wè, se bagay ki pa la pou lontan, men sa moun pa wè, se bagay ki la pou tout tan.

Mwen renmen Pawòl Bondye a. Bib la ban m' enspirasyon. Bib la ede m' konnen ki jan pou m' viv. Li ede m' jwenn chemen m' nan sitiyasyon ki konplike. Mwen wè konsèy ki nan Bib la mache. Li mache jan okenn lòt liv konsèy pa ka mache, paske Bib la se pawòl Bondye ban mwen. Imajine sa! Bondye ekri pawòl lavi pou m' li. Mwen pa ta dwe inyore sa Li gen pou L di.

Bib la ban m' yon lòt jan pou m' gade bagay yo. Li ede m' wè sitiyasyon nan lavi m' jan Bondye wè yo.

Pran pa egzanp traka ou ka genyen kounye a. Pou ou, petèt ou pa wè lè sa ap fini – ou pa wè limyè nan bout tinèl la, ni ti klète dèyè nyaj la. Petèt w ap eseye fè sa Bondye di ou fè, men ou dekouraje anpil. Petèt moun ap pale sou ou. Petèt w ap mande tèt ou poukisa ou nan plas kote ou ye a!

Lè m' li pasaj tankou sa yo, mwen gen espwa. Anpil fwa, li pa fasil pou fè sa ki byen. Li pa toujou fasil pou kanpe pou verite a. Souvan, li difisil pou obeyi sa Bondye di ou fè, paske souvan li ale kont kouran... ou pa sèlman kite dlo a pote ou.

Kèlkeswa pèsekisyon ak traka ou ka genyen jodi a, kanpe pou sa Bondye vle nan lavi ou! Si ou fè sa, w ap resevwa yon bèl rekonpans ki la pou tout tan!

Bondye beni ou jodi a.

## Refleksyon

Ki pasaj nan Bib la ki te ba ou espwa nan yon moman difisil? Ki jan li ka ede ou wè sitiyasyon w ap viv kounye a?

## Lapriyè

Papa, mèsi pou pawòl lavi Ou ban nou nan Bib la. Ede m' tounen vin jwenn Pawòl Ou pou sajès ak espwa. Lè m' dekouraje, ban m' fòs pou m' fè sa ki byen epi kenbe je m' sou sa ki la pou tout tan. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 23

# Mirak

## Lekti Bib la

Travay 10:38 (Bib La)

> 38 Nou konnen tou ki jan Bondye te vide pouvwa Sentespri l' sou Jezi, moun Nazarèt la. Jezi mache nan tout peyi a, li t'ap fè byen, li t'ap geri tout moun ki te anba pouvwa Satan paske Bondye te kanpe avèk li.

Mwen kwè nan mirak! Mwen kwè Bondye ka chanje moun ak sitiyasyon yo yon fason ki depase lanati. Mwen wè mirak nan pwòp lavi pa m'.

Lè m' t'ap grandi, pye m' te konn vire, sa ki fè mwen te mache sou bò anndan soulye m'. Mwen te konn ize bò soulye m' yo nèt. Yon aswè, yon mesye priye pou mwen, e mwen santi yon bagay mwen pa t' janm santi anvan – mwen te santi yon bagay ki t'ap ajiste/rale nan janm mwen. Rezilta a, mwen te kòmanse mache yon lòt jan. Kounye a, se ak difikilte pou m' ize yon pè soulye! Se te yon mirak.

Epitou, lè m' t'ap grandi, papa m' te gen pwoblèm ak bwason ak sigarèt. Li te vle sispann vis sa yo, men li pa t' rive fè l' pou kont li. Yon swa, li te al nan yon reyinyon lapriyè nan Springdale, epi li bay

Bondye lavi l'. Pastè a priye pou l' te delivre. Li tounen lakay li yon lòt moun! Kwè m', fanmi l' te wè sa! Li pa t' gen pwoblèm ak sigarèt ni ak bwason ankò apre sa.

Mwen kwè Bondye ka fè yon mirak pou ou. Gen lafwa. Fè L konfyans. Priye.

Bondye beni ou jodi a.

## Refleksyon

Kisa Bondye fè nan lavi ou ou ka chonje ak rekonesans? Kisa ou ta renmen pote ba Li nan lapriyè jodi a?

## Lapriyè

Seyè, mèsi pou tout fason Ou te travay nan lavi m'. Mwen pote ba Ou bezwen pa m' ak bezwen moun mwen renmen yo. Ede m' priye ak lafwa epi fè W konfyans pandan m'ap tann. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 24

# Lopital

## Lekti Bib la

### Mak 2:17 (Bib La)

> Jezi tande sa, li di yo konsa: -Lè yon moun an sante, li pa bezwen dòktè. Se moun malad ki bezwen dòktè. Enben, mwen pa vin rele moun k'ap mache dwat devan Bondye yo, men moun k'ap fè sa ki mal yo.

Yon lopital se yon kote moun malad ale pou yo ka refè. Moun k'ap travay lopital la fè tout sa yo kapab pou malad yo santi yo byen ankò.

Mwen kwè Legliz la ta dwe tankou yon lopital. Moun ki kraze, ki blese, ki pa pafè, ta dwe ka vin nan Legliz la pou yo resevwa èd yo bezwen – renmen, padon, gras, verite. Se t'ap yon foli si sal ijans lan ta refize yon moun antre paske l' malad! Menm jan an, se yon malè si Legliz la ta voye yon moun ale paske l' gen twòp pwoblèm oswa paske l' twò kraze. Annou pa koupab pou n' voye moun ale.

Moun ki kraze ki vin nan Legliz la pa ta dwe rete san moun pa okipe yo non plis. Mwen espere ou pa janm al lopital pou yo mete ou nan yon kwen epi bliye ou! Si yo pa okipe maladi moun nan, li ka

mouri anvan lè. Malad yo bezwen dakò pran tretman ak renmèd yo bezwen. Malad yo ta dwe vle refè, e sa ka mande pou yo chanje jan yo viv oswa jan yo aji. Pafwa, gen pwoblèm ki byen mele ki bezwen regle.

Annou fè pa nou pou nou louvri pòt Legliz la epi akeyi moun ki bezwen èd ak gerizon!

Bondye beni ou jodi a.

## Refleksyon

Ki jan ou ka ede yon moun k'ap soufri santi l' byen resevwa e santi gen moun ki pran swen l' nan legliz ou?

## Lapriyè

Jezi, mèsi paske Ou akeyi moun ki kraze, moun ki nan bezwen. Ban m' yon kè ki gen konpasyon, epi ede m' bay renmen, gras ak èd ki konkrè. Montre m' ki jan pou m' fè plas pou lòt moun epi mache bò kote yo pandan y ap chache èd Ou. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 25

# Sa ou fèt pou fè

## Lekti Bib la

Matye 6:33 (Bib La)

> Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l' la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou.

Sa gen kèk ane, mwen t'ap gade Celine Dion k'ap chante nan televizyon. Pandan l' t'ap chante, mwen chonje m' te panse fanm sa a fèt pou chante! Mwen chonje tou mwen te fè yon priyè ki danjere anpil jou sa a – mwen te di Bondye mwen vle fè sa m' fèt pou fè.

Mwen kwè bagay yo te kòmanse chanje nan lavi m' apre sa.

Mwen lanse ou yon defi jodi a: chache Bondye ak tout kè ou. Se yon bagay ki gen anpil pouvwa lè ou priye Bondye ki mèt tout linivè a epi ou di L: « se pa volonte m' ki pou fèt, se volonte pa ou. » (Lik 22:42, Bib La, ekstrè) Kite L sèvi avè ou pou fè sa ou fèt pou fè!

Bondye vle ou akonpli plan Li genyen pou lavi ou!

Bondye beni ou jodi a.

## Refleksyon

Ki don oswa ki dezi ou ta ka pote bay Bondye nan lapriyè? Ki pa ou ta ka fè pandan w ap chache volonte L pou lavi ou?

## Lapriyè

Papa, mwen vle fè sa Ou rele m' pou m' fè. Ede m' chache W ak tout kè m' epi lage plan m' yo nan men Ou. Ban m' kouraj pou m' swiv kote Ou mennen m' epi sèvi ak don Ou ban mwen yo. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 26

# Grandi nan Bondye

1 Korentyen 1:26–29 (Bib La)

> 26 Koulye a, frè m' yo, chonje ki kalite moun nou
> te ye lè Bondye te rele nou. Pa gen anpil nan nou
> ki gen bon konprann dapre sa lèzòm rele bon
> konprann, pa gen anpil grannèg, ni anpil moun
> gran fanmi. 27 Se konsa, Bondye chwazi moun
> lèzòm konsidere tankou moun sòt pou l' fè moun
> ki gen bon konprann yo wont. Li chwazi moun
> lèzòm konsidere tankou moun ki fèb pou l' fè
> grannèg yo wont. 28 Li chwazi moun lèzòm gade
> pou anyen, moun yo meprize, moun ki pa menm
> egziste pou yo, pou li te ka kraze sa ki gen
> enpòtans pou moun k'ap viv dapre lide ki nan
> lemonn. 29 Konsa, pa gen moun ki ka fè grandizè
> devan Bondye.

Petèt ou deside ou pral fè kèk chanjman pou lavi ou ka pi bon. Petèt ou pral manje pi byen oswa fè plis egzèsis. Petèt ou deside li yon liv ki pa fasil, oswa menm pran kou pou aprann fè yon bagay tou nèf.

Pifò nan nou konnen, pou kò nou an sante, nou bezwen fè egzèsis, manje bon manje ki nouri epi pran ase repo. Ou bezwen wè tou, pou ou an sante nan lespri ou, ou bezwen swiv kèk prensip.

Touswit, ou petèt ap panse ou bezwen priye, li Bib la oswa al legliz pi souvan. Se bon bagay pou fè! Men, mwen ta ankouraje ou ale pi lwen epi kòmanse fè plis egzèsis – nan lespri ou, si m' ka di l' konsa.

Petèt w ap mande tèt ou ki jan pou fè sa. Pran prensip ou te aprann yo, epi kòmanse aplike yo nan lavi ou chak jou. Kòmanse piti. Pa egzanp, petèt yon moun te blese ou. Chak fwa ou wè moun sa a, vant ou sere epi ou reviv sa li te di ou oswa sa li te fè ou ki te fè ou mal konsa. Ou konnen ou sipoze renmen lènmi ou, men ou pa rive fè pwogrè nan bagay sa a. Konsèy mwen ta ba ou, se kòmanse priye pou moun ki te blese ou a. Lè ou fin priye pou moun nan regilyèman, li p'ap rete lènmi ou lontan. Kwè m'. Yon bagay pral pase nan kè ou, epi ou pral santi chenn doulè ak chenn san padon yo ap tonbe sou ou. Rezilta final la, se w ap vin pi sanble ak Kris. Se rezilta sa a nou vle. Gen nan nou ki fin bay vag efò pou chanje – nou te eseye di anpil anvan pou nou chanje, e nou santi nou echwe nèt.

Men, gen espwa pou tout moun! Bondye mete nan kè m' pa gen okenn rezon ki fè Li pa ta ka sèvi ak moun òdinè tankou ou pou fè bagay ekstraòdinè!

Pa gen moun yo rejte nan Peyi Wa Bondye a. Pa gen moun yo bay vag. Pa gen moun yo jete.

Avèk fòs ak èd Bondye, ou ka fè gwo bagay!

Bondye beni ou jodi a.

## Refleksyon

Ki prensip nan Bib la ou ta ka kòmanse mete an pratik jodi a? Ki ti pa ou ta ka fè?

## Lapriyè

Seyè, ede m' mete Pawòl Ou an pratik. Ban m' kouraj pou m' kòmanse ak ti pa, ak fòs pou m' kontinye grandi. Mèsi paske Ou ka travay nan moun òdinè tankou mwen. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 27

# Woz yo wouj

## Chante Salomon 4:9–10 (Bib La)

> 9 Sò mwen, bèl nègès mwen,
> ou annik gade m' yon fwa, ou fè m' pèdi lòlòj mwen.
> M' annik wè yonn nan bèl ti chenn nan kou ou yo,
> m' pèdi tèt mwen.
> 10 Ala dous karès ou yo dous,
> sò mwen, bèl nègès mwen!
> Karès ou yo pi dous pase siwo myèl.
> Sant kò ou pi bon pase tout kalite fèy santi bon.

Steve pa sa ou ta rele yon gwo womantik. Premye randevou nou se te yon randevou a kat. Mwen p'ap di non lòt koup la. Mesye yo te deside fè manje pou medam yo. Gwo meni chèf la: pitza ak Jello… Se pa blag m'ap fè… Pandan yo t'ap sèvi pitza a, tout sa ki te sou li glise sot sou pat la, epi Jello a pa t' pran.

Nan yon moman pandan aswè a, Steve ban m' yon woz. Nou te nan onzyèm ane, e Steve te fè yon travay rechèch sou kouch ozòn nan. Sou ti kat ki te tache ak woz mwen an, te gen pawòl powezi sa yo, Steve li menm te ekri:

> Woz yo wouj
> Vyolèt yo ble
> Lè kouch ozòn nan kraze
> Flè sa a ap mouri

—Steve, sou kat ki te avèk woz mwen an

Ki moun ki bezwen William Shakespeare lè ou ka ekri bèl bagay konsa ou menm? Kounye a ou konprann poukisa m' pa t' ka reziste cham li!

Èske ou konnen yo konpare relasyon ant Jezi ak Legliz la ak relasyon yon mari ak madanm li? Jezi se mari a. Nou se lamarye Li. Imaj renmen ki pentire ant lamarye sa a ak mari l' la bèl anpil.

Jezi damou pou lamarye Li. Li pwouve renmen Li ak pawòl Li ak sa Li fè. Pran tan pou li pi gwo istwa renmen ki janm ekri. Eseye konprann konbyen Li renmen nou!

Mesye, petèt sa ap menm enspire nou ekri kèk bèl ti vè!

Bondye beni ou jodi a.

## Refleksyon

Ki jan Jezi te montre ou renmen Li? Kisa ki ede ou konprann jan Li renmen pèp Li a anpil?

## Lapriyè

Jezi, mèsi paske Ou renmen pèp Ou a anpil konsa. Ede m' konprann plis jan Ou renmen nou, epi reponn ak yon kè ki rekonesan. Se pou pawòl mwen ak sa m' fè fè lòt moun wè renmen Ou. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 28

# Pa kouri ale

Sòm 51:12, 19 (Bib La)

> O Bondye, pa kite okenn move lide nan kè m'.
> Mete bon lide nan tèt mwen, pou m' sa kenbe fèm.
>
> ...
>
> Ofrann ki fè Bondye plezi, se lè yon moun soumèt tèt li devan li.
> Bondye, ou p'ap janm meprize moun ki soumèt tèt li devan ou, moun ki rekonèt tò li.

Kisa ou fè lè ou fin pran kèk move desizyon nan lavi? Pi vit ou repanti, se pi bon pou ou. Pi bonè ou kòmanse kouri al jwenn Bondye, olye ou kouri kite L, se pi fasil l'ap ye pou ou tounen sou bon chemen an. Li pi fasil pou pèdi 5 liv ou pa bezwen pase 50 oswa 100!

Ou bezwen konprann Bondye renmen ou toujou, menm si ou fin gate bagay yo. Li ka pran yon sitiyasyon ki sanble pa gen espwa epi vire l' lòt bò. Men pou L ka vire l', ou bezwen vire bò kote L!

Si ou pran kèk move abitid, « pa janm bouke kite ». Mande Bondye pou L ede ou kite. Ou ka rive ak fòs Li!

Gen moun ki ka fache lè ou eseye mete lavi ou an lòd ankò. Gen moun ki pa vle ou chanje ansyen fason ou. Yo vle ou rete kole nan menm twou a. Tanpri, chache moun ki va ankouraje ou mete lavi ou nan men Bondye. Chache moun ki va priye pou sitiyasyon ou. Se moun sa yo ou bezwen nan lavi ou lè ou vle tounen sou bon chemen an.

Bondye beni ou jodi a.

## Refleksyon

Èske gen yon pati nan lavi ou ou bezwen pote tounen bay Bondye? Ki moun ki ta ka priye avè ou epi ankouraje ou pandan w ap fè pa sa a?

## Lapriyè

Seyè, mèsi paske Ou renmen m' toujou, menm lè m' fè move chwa. Ede m' vire bò kote W, resevwa padon Ou, epi fè pa mwen bezwen fè yo. Ban m' fòs pou m' chanje ak imilite pou m' aksepte ankourajman ak èd. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 29

# Pa pè lavni ou

Manman m' te travay lopital. Te gen yon dam yo rele Katie Burton li te konn al wè. Katie te pase anpil tan nan lopital Springdale pandan l' t'ap tann pou l' antre nan kay pou granmoun nan Baie Verte, si m' chonje byen. Mwen te gen privilèj pou m' te rankontre bèl fanm sa a.

Mwen te ri anpil lè m' te al wè Katie. Mwen te renmen pase l' nan betiz. Li te gen yon bèl sans imè. Mwen te toujou di tèt mwen, si m' viv rive gen laj li, mwen ta renmen gen menm atitid li! Li te rive viv plis pase 100 an.

Youn nan kantik Katie te renmen yo te rele *Good Night and Good Morning*. Men yon ekstrè:

> Bonjou anwo a, kote Kris se Limyè a,
> Bonjou anwo a, kote lannwit pa janm vini;
> Lè n'a kite latè sa a pou n' antre nan bèl Syèl Bondye a,
> N'a di « bòn nwit » isit, men « bonjou » anwo a.

> Lè jounen an ap fini, lè lonbraj nwa ap pwoche,
> Avèk Kris toupre nou, mouri pa lanmò ankò;
> L'ap siye chak dlo nan je, L'ap wete chak tèt

> chaje;
> N'a di « bòn nwit » isit, men « bonjou » anwo a.

Soti nan *Good Night and Good Morning*, Lizzie DeArmond, 1922. Domèn piblik.

Mwen toujou oblije fè tèt mwen chonje lavi sa a se pou yon ti tan sèlman... tankou yon bwouya oswa yon vapè... li tèlman kout. Mond sa a se pa lakay mwen. Nou menm kretyen, nou pa gen anyen pou n' pè. N'a di mond sa a bòn nwit, epi n'a leve nan yon mond kè kontan ki p'ap janm fini, avèk Jezi! Ala yon bèl espwa nou genyen!

Pa pè lavni ou!

Bondye beni ou jodi a.

## Refleksyon

Kisa ki pi ankouraje ou nan espwa pou ou avèk Jezi? Ki jan espwa sa a ka chanje jan w ap viv jodi a?

## Lapriyè

Jezi, mèsi pou espwa lavi ki p'ap janm fini avèk Ou. Lè m' pè lavni, ede m' fè konfyans renmen Ou ak pwomès Ou yo. Moutre m' bay tan Ou ban mwen an valè, epi pataje renmen Ou ak moun ki bò kote m' yo. Amèn.

## Refleksyon mwen

JOU 30

# Pwoteksyon ak pwovizyon

Egzòd 2:5–6 (Bib La)

> 5 Pitit fi farawon an desann bò gwo larivyè a pou l' al benyen. Medam ki te avè l' yo t'ap mache bò larivyè a. Fi farawon an wè panyen an nan mitan touf wozo yo. Li voye sèvant li a al pran l'.
>
> 6 Li louvri panyen an, li wè ti pitit la: se te yon ti gason ki t'ap kriye. Kè l' fè l' mal pou li. Li di: -Se yonn nan timoun ebre yo.

Manman Moyiz te mete pitit li nan yon panyen nan mitan wozo bò larivyè a. Èske ou te konnen mo ebre yo itilize pou panyen sa a se menm mo yo itilize pou batiman Noye a? Mwen renmen koneksyon sa a! Nan de istwa yo, Bondye te pwoteje lavi ak yon senp veso.

Lè pitit fi farawon an wè Moyiz, Moyiz jwenn konpasyon kote li pa t' ap tann li. Menm kay ki te yon menas pou lavi l' la, se la li te jwenn pwoteksyon ak tout sa l' te bezwen.

Mwen santi se pa pitit nou yo sèlman nou bezwen mete nan panyen an, nou bezwen mete pwòp tèt pa nou nan panyen an tou!

Bondye ap *pwoteje* ou e L'ap *ba ou* sa ou bezwen lè laperèz ak ensètitid antoure nou.

Bondye mete apèl Li ak so Li sou ou. Okenn lènmi pa ka fè ou mal.

Bondye beni ou jodi a.

### Refleksyon

Ki moun oswa ki sitiyasyon ki difisil pou ou mete nan men Bondye? Kisa ou ta renmen mande L jodi a?

### Lapriyè

Papa, mwen mete tèt mwen ak moun mwen renmen yo nan panyen an. Menm si nou ta jwenn nou nan teritwa lènmi, mwen fè W konfyans W ap pwoteje nou e W ap ban nou sa nou bezwen. Mwen p'ap pè sa lènmi an vle fè. Mwen mete konfyans mwen nan Ou. Amèn.

### Refleksyon mwen

# Dwa otè ak kredi

Morning Perks • Janice Clarke

Copyright © 2026 Janice Clarke. All rights reserved. First edition. This printing is distributed free of charge.

Scripture quotations marked (NLT) are taken from the Holy Bible, New Living Translation, copyright ©1996, 2004, 2015 by Tyndale House Foundation. Used by permission of Tyndale House Publishers, Carol Stream, Illinois 60188. All rights reserved.

Scripture quotations marked (KJV) are from the King James Version, public domain in Canada. Excerpts are identified beside their references. Personal applications and paraphrases are identified in the text.

Hymn excerpts (public-domain texts):

I Surrender All — Judson W. Van DeVenter, 1896 (Days 10 and 21).

He Leadeth Me — Joseph H. Gilmore, 1862 (Day 12).

What a Friend We Have in Jesus — Joseph M. Scriven, 1855 (Day 19).

Leaning on the Everlasting Arms — Elisha A. Hoffman and Anthony J. Showalter, 1887 (Day 20).

Good Night and Good Morning — Lizzie DeArmond, 1922 (Day 29).

Rose-card verse in “Roses Are Red” by Steve Clarke (Day 27). Used with permission.

Vèsè Bib an kreyòl yo soti nan Bib La (1985), ki nan domèn piblik.

# Konsènan otè a



Janice ak mari l, Steve, se pastè nan 135 Main Community Church nan Springdale, NL. Yo gen yon sèl pitit gason, Christopher.

Janice renmen rakonte istwa ak yon ti gout imè, e li renmen ankouraje moun tout laj pou yo devlope yon relasyon pèsonèl ak Bondye.

Bondye beni w pandan w ap li *Ankourajman pou chak maten*!

*Janice* ☺

---

## Kontinye li sou entènèt

Eskane pou li *Ankourajman pou chak maten* ak lòt bagay Janice ekri.

135main.org/ht/perks